JW.ORG™
Kopa peji iri pawww.jw.org

Josefa Ari Kunyika yeljipiti

GENESISI ZVITSAUKO 39-40

Sarudzai nyaya dzamunoona kuti dzichanakidza uye dzichabatsira mwana wenyu. Kurukurai nyaya dzacho semhuri.

VERENGAI GENESISI ZVITSAUKO 39-40

Kana mapedza chiverengai nyaya yomuBhaibheri ine mifananidzo (paIndaneti kana kuti papepa ramunenge mapirinda), mokurukura mibvunzo iri panoperera nyaya yacho.

ITAI IZVI: Udzai vana venyu kuti vaite sokunge kuti vatori venhau. Chivaudzai kuti ngavarondedzere nyaya iyi vachiita sokunge vari kubvunzurudza vanhu vari munyaya iyi uye vamwe vanhu vari kuona zvichiitika.

Mune mimwe mitauro, munogona kuteerera mutambo unonzi *"Preserving Life in Time of Famine."* Dhirama iri rine zvinhu zvichataurwa nezvazvo munyaya dzomuBhaibheri dzine mifananidzo dzichabuda munguva dziri kutevera. Munogona kukopa dhirama iri pawww.jw.org. Endai papeji reChirungu pakanzi PUBLICATIONS > DRAMAS.

DZIMWE NYAYA DZAMUNOGONA KUPIRINDA



KUDZIDZISA MUCHISHANDISA MIFANANIDZO

CHII CHAKASIYANA PAMIFANANIDZO IYI? Verengaizve Genesisi 40:16, 17. Itai kuti vana venyu vemakore 3 kusvika ku5 vatsvake kuti zvinhu zvipi zviviri zvakakanganisika pamufananidzo uyu. Nyorai mhinduro dzavo pamitsetse isina kunyorwa chinhu uye vobva vapenda mufananidzo wakarurama.

NYAYA YOKUDZIDZA

VANHU AVA VAKAFANANA PAPI? Itai kuti vana venyu vemakore 6 kusvika ku10 vaverenge mashoko angangovabatsira uye vanyore pamitsetse isina kunyorwa kufanana kuripo pakati paJosefa nevamwe vanhu vanotaurwa nezvavo muBhaibheri.

CHENGETA UDZIDZE

KADHI REMUNHU WOMUBHAIBHERI: Verengai nhoroondo yomunhu wacho. Bvunzai mibvunzo iri pakadhi. Muchishandisa kadhi rino nemamwe amunawo, batsirai mwana wenyu kuti ataure vanhu vomuBhaibheri vanowanikwa muna Genesisi.
(Zvingangokubatsirai: Zviitiko zviri muna Genesisi zvinosvika mugore ra1657 B.C.E.)

www.jw.org © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania